

BAB V

KACINDEKAN & SARAN

5.1 Kacindekan

Kalimah anu aya dina data basa Sunda buhun anu kapanggih téh aya 401 kalimah. Ari wangunna téh nyaéta mangrupa kalimah lengkep, anu di jerona ngawengku kalimah salancar, kalimah rangkepan jeung kalimah ringkesan. Kalimah salancar anu kapanggih dina data nyaéta aya 119 kalimah, anu ngawengku kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar. Kalimah rangkepan anu kapanggih téh aya 152 kalimah dumasar jumlah klausana, nyaéta kalimah rangkepan dwiklausa, kalimah rangkepan triklausa, jeung kalimah rangkepan caturklausa. Kalimah rangkepan dwiklausa diwangun ku dua klausa. Kalimah rangkepan triklausa diwangun ku tilu klausa. Kalimah rangkepan caturklausa diwangun ku opat klausa. Kalimah ringkesan anu kapanggih tina data téh aya 130 kalimah, kabagi jadi opat wangun, nyaéta kalimah singgetan, kalimah runtuyan, kalimah sambungan, jeung kalimah tambahan. Ari kalimah singgetan aya dua rupa, nyaéta kalimah singgetan tansubjék, jeung kalimah singgetan tanprédikat.

Kalimah salancar basajan (KSB) anu kapanggih dina data basa Sunda buhun téh miboga tilu pola kalimah nyaéta 1) S-P, 2) S-P-O, jeung 3) S-P-Pang. KSB pola S-P mibanda lima subpola, nyaéta pola 1a: KSB \rightarrow S:N/Pron+P:N/FN, pola 1b: KSB \rightarrow S:N/FN+P:Fnum, pola 1c: KSB \rightarrow S:N/FN+P:Fprep, pola 1d: KSB \rightarrow P:V/FV+S:N/FN, jeung pola 1e: KSB \rightarrow P:FN+S:FN. KSB pola S-P-O mibanda dua subpola nyaéta pola 2a: KSB \rightarrow S:FN+P:V/FV+O:N/FN jeung pola 2b: KSB \rightarrow P:FV+O:FN+S:FN. KSB pola S-P-Pang mibanda dua subpola nyaéta pola 3a: KSB \rightarrow S:FN+P:V/FV+Pang:N/FN jeung pola 3b: KSB \rightarrow P:V+S:N/FN +Pang:N/FN.

Ari kalimah salancar jembar (KSJ) anu kapanggih dina data basa Sunda buhun téh aya opat pola nyaéta 1) S-P-K, 2) K-S-P-K, 3) S-P-O-K, jeung 4) S-P-Pang-K. KSJ pola S-P-K mibanda opat subpola nyaéta pola 1a: KSJ \rightarrow S:N/FN+P:V/FV+K:Fprep, pola 1b: KSJ \rightarrow P-S-K, pola 1c: KSJ \rightarrow

K:FA_{adj}+S:N+P:FV, jeung pola 1d:KSJ → K:N+P:V+S:FN. KSJ pola K-S-P-K mibanda dua subpola nyaéta pola 2a:KSJ → K:FA_{adj}+S:N+P:V+K:F_{prep} jeung pola 2b:KSJ → K:F_{prep}+P:V/FV+K:F_{prep}+S:FN. KSJ pola S-P-O-K mibanda dua subpola nyaéta pola 3a:KSJ → S:N+P:V+O:N+K:F_{prep} jeung pola 3b:KSJ → K:N+S:FN+P:V+O:FN. KSJ pola S-P-Pang-K mibanda hiji pola nyaéta pola 4:KSJ → S:FN+P:V+Pang:FN+K:F_{prep}.

Kalimah ngantét satata dina data téh bisa dikelompokkeun dumasar aya henteuna kecap panyambung, nyaéta kalimah ngantét asindétis jeung sindétis. Kalimah ngantét asindétis dina data aya anu diwangun ku dwiklausa, trikalusa jeung caturklausa. Ari kalimah sindétis mah ngan diwangun ku dwiklausa. Pola kalimah ngantét sumélér anu kapanggih dina data basa Sunda buhun téh nyaéta kalimah sumélér subjéktif, adverbial, jeung atributif.

Patali harti unsur-unsur kalimah anu kapaluruh dumasar kana data téh diwincik dumasar peran semantis subjék, prédikat, objék, panglengkep jeung katerangan. Peran semantis subjék anu kapanggih dina data téh nyaéta peran palaku, kaposés, kaposisi, dikenal, pangalam, tempuhan, jeung waktu. Peran semantis prédikat dina basa Sunda buhun téh kapanggih dalapan peran, nyaéta (1) kalakuan, (2) kaayaan, (3) kahanaan (4) jumlah, (5) tempat, (6) pangwanoh, (7) *pemeroléhan* jeung (8) waktu. peran semantis objék anu kapanggih aya genep, nyaéta (1) sasaran, (2) panguntung, (3) tempat (4) hasil, (5) alat, jeung (6) palaku. Peran semantis panglengkep aya lima, nyaéta peran (1) pangrandap, (2) alat, (3) pangjumlah, (4) kaayaan, jeung (5) abstraksi. Peran semantis katerangan anu kapanggih dina data téh aya 12 rupa, nyaéta peran (1) waktu (2) tempat, (3) alat, (4) pangbareng (5) sabab (6) pangbanding, (7) tujuan/kagunaan, (8) jumlah, (9) sarat, (10) tansarat, (11) atributif, jeung (12) aspéktualitas.

Patali harti antarklausa dina kalimah ngantét satata anu kapanggih dumasar data téh aya dua rupa, nyaéta (1) kalimah lalawanan jeung (2) kalimah tumulu. Patali harti antarklausa kalimah ngantét sumélér téh aya genep rupa, nyaéta (1) kalimah waktu, (2) kalimah sarat, (3) kalimah sabab, (4) kalimah akibat, (5) kalimah pertélaan, jeung (6) kalimah guna.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan téh can lengkep, lantaran aya kénéh data anu can kapaluruh polana kalawan gemet. Kitu deui dina nangtukeun peran unsur-unsur kalimahna. Ku kituna perlu dilakukeun lajuning laku pikeun ngalengkepan hasil ieu panalungtikan. Ieu hasil panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan pikeun panalungtik séjén, boh dina widang Filologi boh Linguistik ngeunaan struktur kalimah basa Sunda buhun.

Iwal ti éta sabada nganalisis téks *Carita Parahiyangan* horéng kapanggih sababaraha wangun kalimah anu “ahéng” lantaran aya kasalahan ti panalungtik saméméhna dina nangtukeun watesan kalimah. Ku kituna teks *Carita Parahiyangan* téh perlu dipariksa deui kalawan gemet, pikeun nangtukeun tarjamahan anu leuwih merenah, sangkan hasil tarjamahna leuwih deukeut kana harti anu sadeukeut-deukeutna jeung nu dikandung dina téks.